

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina kahirupan sapopoé, manusa tangtu moal bisa leupas tina basa. Basa mangrupa hiji hal anu kalintang pentingna pikeun kamajuan hirup manusa, ku ayana basa, manusa bisa sosialisasi jeung sasama pikeun nyangking informasi sarta élmu pangaweruh anu mangpaat pikeun kahirupannana.

Basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sitematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2003:1).

Salaku mahluk sosial, manusa ogé tangtu moal bisa hirup tanpa ayana pangrojong ti lingkungan nu aya di sabundeureunnana, ku kituna manusa merlukeun basa pikeun alat komunikasai anu penting dina kahirupan masarakat.

Basa nya éta alat komunikasi antara anggota masarakat nu mangrupa simbol sora nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa (Keraf, 1989:1).

Unggal manusa di ieu dunya mibanda basa anu digunakeun séwang-séwangan pikeun ngébréhkeun naon anu aya dina pikirannana, ku kituna basa téh disebut unik sarta midunya.

“Basa ngagambarkeun kahirupan kabudayaan masarakat anu makéna. Basa téh cicirén bangsa” (Sudaryat, 2004:10).

Nurutkeun Badudu dina Putrayasa (2008:1) kamekaran basa téh kudu bareng jeung kamajuan kabudayaan sarta peradaban bangsa salaku nu mibanda jeung pamaké éta basa.

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Kitu deui, Fasold dina Putrayasa (2008:1) nétélakeun yén leungitna hiji basa téh umpamana éta basa teu digunakeun deui dina waktu anu leuwih lila.

Basa sunda miboga kalungguhan salaku basa daérah. Hal ieu luyu jeung UUD 1945, BAB XV, penjelasan pasal 36 yén wewengkon-wewengkon anu mibanda kénéh basa daérah saperti Sunda, Jawa, Bali, jeung Madura, anu diparake kénéh ku masarakatna, basa daerahna bakal dipiara tur dirajénan ku nagara. Sabab kitu téa, basa téh mangrupa salah sahiji kabudayaan nasional.

Basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancén jadi :

- 1) lambang kareueus daérah;
- 2) lambang idéntitas daérah;
- 3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah;
- 4) basa panganteur di sakola ti mimiti kelas I nepi ka kelas III;
- 5) pangrojong basa nasional; jeung
- 6) pangrojong basa jeung pamekar budaya nasional

(Sudaryat, 2003:24-25).

Salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé bahasa daerah téh ku cara tetep diayakeunna pangajaran bahasa daerah di unggal tingkatan satuan pendidikan. Kiwari basa Sunda miboga kalungguhan jadi mata pelajaran muatan lokal di unggal tingkatan sakola di Jawa Barat.

Dipatalikeun jeung masalah pangajaran, hakékatna dina prosés ngajar diajar téh kudu lumangsung kalayan hadé, guru kudu nataharakan materi sarta bahan pangajaran anu baris ditepikeun ka siswa. Guru ogé tangtu kudu nyangking réa informasi ngeunaan bahan-bahan pangajaran.

Patali ogé jeung aspék tata basa, basa Sunda téh ngawengku sawatara kabengharan kecap, saperti fonologi, morfologi, sintaksis, undak usuk basa, jeung ejahan. Dina morfologi aya ogé anu disebut warna kecap. Papasingan warna kecap téh kabagi dua, nya éta kecap lulugu jeung kecap pancén. Kecap lulugu,

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

ngawengku kecap barang (sulur), *kecap pagawéan*, kecap sifat, jeung kecap bilangan.

Kecap pagawéan nya éta kecap anu nuduhkeun paripolah atawa gawé jelema jeung mahluk séjén, saperti tutuwuhan jeung sasatoan (Sudaryat, 2003:68). Salah sahiji usaha maluruh kecap pagawéan, bisa tina wacana karya sastra, diantaranya novél. Novél nya éta wangun prosa mangrupa karya fiksi anu ngébréhkeun aspék-aspék kamanusaan ku cara nonjolkeun watek jeung sifat unggal palakon sarta galur caritana relatif panjang. Novél ogé mangrupa salah sahiji bahan pangajaran di sakola hususna pikeun pangajaran di SMA kelas IX, ieu materi pangajaran téh geus nyampak dina SKKD Bahasa Sunda kelas IX.

Ku sabab kitu, panalungtik baris nalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung kecap pagawéan. Saenyana mah panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan (verba) basa Sunda dina novél téh kungsi aya, nya éta dina “Kecap Pagawéan Pasif dina Novél *Kolébat Kuwung-Kuwungan Kinasih Katumbirian* Karya Tatang Sumarsono (Tilikan Struktur jeung Semantis)” ku (Monika Permanasari, 2007), panalungtikan karya Monika Permanasari ieu mangrupa panalungtikan anu husus medar ngeunaan kecap pagawéan pasif dina novél sabab henteu dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Sasaruana tina ieu panalungtikan nya éta sarua medar ngeunaan kecap pagawéan anu aya dina novél ditilik tina struktur jeung semantis, sedengkeun anu ngabédakeunnana nya éta papasingan tina kecap pagawéan anu ditalungtik sarta patalina jeung bahan pangajaran maca di sakola .

Kecap pagawéan téh dipasing-pasing deui jadi sawatara bagian, ditilik tina lobana panggondéng (argumen) kecap pagawéan téh aya opat rupa, nya éta kecap pagawéan intransitif, kecap pagawéan ékstransitif, kecap pagawéan dwitarnsitif, jeung kecap pagawéan semitransitif. Najan kitu, anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan téh nya éta ngeunaan kecap pagawéan intransitif anu aya dina

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

novél *Mercedes 190* Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma pikeun bahan panagajaran di SMA.

Lantaran teu acan pernah aya anu nalungtik ngeunaan hal ieu. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Kecap Pagawéan Intransitif dina Novél Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma Pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Tilikan Struktur jeung Semantis)*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Kekecapan dina basa Sunda tangtu réa pisan, nu matak unggal kecap téh dipasing-pasing deui jadi sawatara bagian dumasar kana kateranngannana. Luyu jeung nu geus diguar di luhur, kecap pagawéan téh dipasing-pasing dumasar lobana panggondéng (argumen) nya éta kecap pagawéan intransitif, kecap pagawéan ékstransitif, kecap pagawéan dwitarnsitif, jeung kecap pagawéan semitransitif.

Namung dina ieu panalungtikan diwatesanan kana kecap pagawéan intransitif anu aya dina novél *Mercedes 190*. Éta kecap téh dipasing-pasing dumasar fungsi, harti, jeung bahan ajar dina pangajaran maca novél.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, ieu di handap aya sawatara rumusan masalah anu dipidangkeun dina wangun pananya.

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 1) Sabaraha jumlah kecap pagawéan intransitif nu kapanggih dina novél *Mercedes 190*?
- 2) Wangun kecap kecap pagawéan intransitif naon waé nu kapanggih dina novél *Mercedes 190*?
- 3) Kumaha fungsi kecap pagawéan intransitif dina novél *Mercedes 190*?
- 4) Kumaha harti kecap pagawéan intransitif nu kapanggih dina novél *Mercedes 190* ?
- 5) Naha bisa lamun kecap pagawéan intransitif dina novél *Mercedes 190* karangan Muh. Rustandi dijadikeun bahan ajar dina pangajaran maca di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun dihontal nya éta hayang ngadéskripsikeun:

- 1) Jumlah kecap pagawéan intransitif nu kapanggih dina novél *Mercedes 190*.
- 2) Wangun kecap pagawéan intransitif anu kapanggih dina novél *Mercedes 190*.
- 3) Fungsi kecap pagawéan intransitif nu kapanggih dina novél *Mercedes 190*.
- 4) Harti kecap pagawéan intransitif nu kapanggih dina novél *Mercedes 190*.
- 5) Bahan Pangajaran kecap pagawéan Intransitif dipatalikeun kana bahan pangajaran maca di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
 Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Ieu panalungtikan dipiharep pikeun kamekaran élmu basa sarta bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan tata basa Sunda hususna ngeunaan kecap pagawéan intransitif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat paraktis tina ieu panalungtikan dipiharep :

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh sangkan bisa ngajembaran pangaweruh. Hususna ngeunaan élmu kabasaan saperti halna maluruh ngeunaan kecap pagawéan intransitif anu aya dina téks.
- 2) Pikeun guru mata pelajaran basa jeung sastra Sunda bisa dijadikeun alternatif bahan ajar.
- 3) Nyangking data ngeunaan kecap pagawéan intransitif anu aya dina novel *Mercedes 190*.

1.5 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu skripsi ngawengku 5 bab, nya éta (1) bab I medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis, (2) bab II medar ngeunaan tiori-tiori kacap pagawéan intransitif jeung bahan pangajaran, (3) bab III medar ngeunaan metode panalungtikan sacara jembar nu ngawengku desain panalungtikan, téhnik ngumpukeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, wangenan oprasional, (4) bab IV ngadéskripsikeun hasil panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan intransitif tina sumber data *mercedes 190* karangan Muh. Rustandi Karta Kusuma katut bahan pangajarannana, jeung (5) bab V mangrupa bab pamungkas nu eusina ngébréhkeun kacindekan ti sakabéh pedaran anu geus ditepikeun jeung saran.

Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
 Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Sarah Siddiq Begum, 2013

Kecap Pagawéan Intransitif Dina Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma
Pikeun Bahan Pangajaran Di Sma (Tilikan Struktur jeung Semantis)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu